## 4-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 1-чу занятин конспект

**1.Тема:** Керлачу дешнийн дошам кхоллар
**Iалашонаш:** дошамийн тайпанаш карладахар, дошамна йукъадало дезаш долу дешнаш дийцаре дар, дошам кечйарехь практически болх бар, зеделларг вовшашца довзийтар, маххадор.
• **Дешаран:** Дошамца болх барехь а, лексика шорйарехь а, контекстехь дешнийн маьIнех кхета а, шен къамелехь царех пайдаэца а хаар кхиор.
• **Кхиаран:** къамел а, логически ойла йар а кхиор а.

• **Кхетош-кхиоран:** нохчийн матте шовкъ кхоллар. Книгашца а, справочни литературица а болх баран культура кхиор. Тобанехь болх бан хаарш карадерзор.

ГIирс:

• Дошамаш
• Тексташ
• Тетрадаш, ручканаш, къоламаш.

**Классал арахьара дешаран некъ**

| **Классал арахьара дешаран этапаш** | **Хан** | **Хьехархочун болх** | **Дешархойн гIуллакхаш** | **Хьехаран кепаш а, приёмаш а** | **УУД-н кепаш** |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>Iалашо: хIораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тIебогIучу балхана кечбар | I мин | **Маршалла хаттар.**<br><br>Маршалла ду шуьга, хьоме бераш!<br><br>Тахана вайна йевзар йу говзачу къамелан къайленаш. | Хьехархочуьнга маршалла хаттар | Барта аларан метод:<br><br>салам –маршалла хаттар.<br><br>Дог-ойла гIатторца тема йовзийтар, къамел дар. | Коммуникативни (Iаморан тIедилларе ладогIар а, цунах кхетар а).<br><br>Регулятивни (шаьш шайн белхан меттиг вовшахтохар) . |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш** | 5 мин | Хаарш жигардахар.<br><br>Iалашо: берийн дошамех долу хаарш | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (къамел) | Регулятивни (ша-шен мах хадор, хьехархочун тIедиллар кхочушдар |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **карладахар.**<br><br>Iалашо: дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | | карладахар.<br><br>Уьн т1ехь берашна дешнаш гойту: аьхке, дог1а, дешархо, тускар, 1алам, боьра.<br>(Боьра – шина а аг1ор басеш а йолуш, чутаь1на меттиг (лощина).<br><br>- Бераш, д1адешал дешнаш. Шуна ца девзаш цхьа дош дуй царна йукъахь?<br>-Дешан маь1на девзаш ца хилча х1ун дан деза?<br>-Тахана вай карладоккхур ду дошамца болх муха бан беза. Дошам а йийр йу вай урокехь.<br>Дуьненахь мел йолчу хIуманан цIераш йу дошамашкахь. Французийн йаздархочо Анатолий Франса хаза аьлла: «Дошам – иза дерриге а дуьне ду абатан рогIаллехь».<br>«Дошам» бохучу дешан маь1на массарна а девзий?<br>Дошам – иза йеккъа дешнаш тIехь долу книга йац. Иза дог1а ду Iилманан дуьненан неIарш схьайоьллуш долу. Иза йоккха г1ала йу, хIора цIа чохь цхьа дош дехаш йолу. Ткъа хIора дешан шен истори а, шен къайленаш а, шен меттиг а цу гIалахь. Дошамо гIо до вайна нийса цIенош каро а, церан бахархой бовза а, цара хIун леладо хаа а.<br>Дошамца болх бан чIогIа атта ду. Цу тIехь дерриге а дешнаш алфавитан рогIехь дIанисдина ду. Нийса дош сиха каро абат хаа деза. Цкъа хьалха дешан хьалхара элп лоху вай, тIаккха шолгIаниг лоху, иштта дIа кхин а. | Дошам т1е хьовса деза. | | вовшахтохар).<br><br>Личностни (дешар Iаморна мотиваци кхоллар).<br><br>Познавательни (хьайн хаарийн системехь лела хаар).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тIеэцар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Дошам дешархочун уггаре дика доттагI ву. Цо гIо до текстах кхета а, нийса йаздан а, къамел дан а, иштта вайна гонаха долчу дуьненах лаьцна дуккха а керла а, самукъане а хIуманаш довза а.<br><br>(Кхузахь ишколан библиотеки чуьра нохчийн меттан дошамаш йовзийта мегар ду, ткъа иштта онлайн-дошам «Дикдошам» https://ps95.ru/dikdosham/, Вагапов 1. Нохчийн меттан дош тидаран жайна https://doshtidar.do.am/publ/b/4).<br>-Муьлха дошамаш йевза шуна? (маь1нийн (толковый), нийсайаздаран, синонимийн, антонимийн, этимологически и д1.кх.)<br>- Дукха хьолахь муьлхачу дошамех пайда оьцу вай? | | | |
| **Коьрта дакъа**<br><br>Iалашо: берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | 1.Дешархошка текст йешийтар. Текстехь шайна цадевза дешнаш билгалдохуьйту буха къолам хьокхуш. И дешнаш шайн тептарш т1е схьайаздойту, дошам т1ера церан маь1на а йаздеш.<br>2. Газа дашна синонимаш йалайе текстера (хьех, шуо).<br>3. Схьайазйе антонимаш: хьех-шуо, хала-атта…<br>4. «Дик-дошам» онлайн-дошамах пайда а оьцуш, *«хьех»* дешан кхин маь1наш д1айазде. | Дешархоша т1едахкарш кхочушдо. | Практически (тобанаш-кахь болх бар), Гайтаран (керла дешнаш экран тIехь гайтар). | Коммуникативн: тобанехь болх бар, шена хетарг довзийтар.<br><br>Познавательни: хааман анализ йан а, жамI дан а хаар.<br><br>Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |
| **ЖамІаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br>Іалашо: нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамІаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | - ХІун дира вай тахана?<br>- ХІун хии вайна?<br>- Хала дарий хьуна?<br>- Уггаре а самукъане дерг хІун дара? | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш а луш, дарсехь дийцинчунжамІ до, керла дешнаш дийцаре до. | Барта (къамел) | Регулятивни (хиллачу хааршна тІе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тІедилларш кхочушдар вовшахтоха а).<br>Коммуникативни (лерсица хаам тІеэцар). |
| **Рефлекси**<br>Іалашо: шен белхан мах хадо хаар карадерзор. | I мин | Дийца шайн кхиамех лаций. Суна Іеми …<br>Суна хала дара …<br>Суна ца хии …<br>Кху тІехь йерзайо вай вешан урок. Іодика йойла шун! Марша Іойла шу! | Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (кхетор). | Регулятивни (шен гІуллакхан мах хадор).<br>Познавательни (Іамийнарг системе хІоттор, тІечІагІдар, жамІаш дар).<br>Коммуникативни (барта шайн ойланаш йовзийтар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |

Йуххедиллар 1.

**Акха гезарий (дикие козы)**

Хьех (дикий козел). Шуо (дикая коза). Акха гезаршлахь стениг а, боьршаниг а къастош йоккхуш йу и ши ц1е. Уьш мел лекхачу лаьмнашкахь а, лаьмнийн басешкахь а хуьлу. Хьехан ма1аш вуно онда йу, т1улгах йеттарх каг а ца луш. Уьш хье т1ера дуьйна хьалахьаьвзаш букъ болчу аг1ор чухьаьвзина йу. Уьш охьанехьа, кхийса а луш, мел хьаьвзина басеш хиларх, вуно атта охьайуьйлу. Шуой

б1аьсте йолалучу хенахь дахка дуьйлало. Шайн буьхьигаш вуно ч1ог1а ларйан дезаш йу и гезарий. Нагахь буьхьиг берда йисте йаьлла хаалахь, аьрзуно т1екхетий, бердах чукхуссу, т1аккха цо а, кхечу аьрзуша а йуу. Иштта хала дахар ду-кх церан. Хьехан ма1анел дикка йоца йу шуон ма1аш, дег1а а цуьнчул жима ду. Уьш Кавказехь бен ца хуьлу, боху. Хьехах сосакх а олу цхьаболчара.

Гелагаев С-М.

## 4-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 2-чу занятин конспект

**Тема:** Керлачу дешнийн дошам кхоллар
**Iалашо:** дошамийн тайпанаш карладахар, дошамна йукъадало дезаш долу дешнаш дийцаре дар, дошам кечйарехь практически болх бар, зеделларг вовшашца довзийтар, маххадор.

**Iалашонаш:**

- **Дешаран:** йешначу/ладоьгIначу текстан буха тIехь барта а, йозанца а цхьалхе жамIаш дан; текстера хаамаш бакъхилар таллархьама дошаман статьях пайдаэца хаар.
- **Кхиаран:** йукъадиллинчу масалца догIуш, йешначу говзарх барта а, йозанан доцца хетарг кечдан хаар.
- **Кхетош-кхиоран:** адамийн йукъаметтигийн зеделларг довзар, къинхетам, безам, догдикалла гайтар карадерзор.

ГIирс:

• Дошамаш

• Тексташ

• Тетрадаш, ручканаш, къоламаш.

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>Iалашо: хIоранна а кийча хилар толлуш, дешархой | I мин | Маршалла хаттар.<br><br>Маршалла ду шуьга, хьоме бераш!<br><br>Тахана вайна кхин дIа а йевзар йу говзачу къамелан къайленаш. | Хьехархочуьнга маршалла хаттар | Барта аларан метод:<br><br>салам –маршалла хаттар.<br><br>Дог-ойла гIатторца | Коммуникативни (Iаморан тIедилларе ладогIар а, цунах кхетар а). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| тIебогIучу балхана кечбар | | | | тема йовзийтар, къамел дар. | Регулятивни (шаьш шайн белхан меттиг вовшахтохар) . |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар.**<br><br>Iалашо: дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 3 мин | Хаарш жигардахар.<br><br>Iалашо: берийн дошамех долу хаарш карладахар.<br>Уьн т1ехь д1айаздо дош **«Геланча»** (вестник). Дешархошка 2 минотехь дешнаш х1иттадойту х1окху дашна йукъадог1учу элпех. Масала: нал, лаг, ча, лан,  ан, леча, и д1.кх. а.<br>- Муьлха дешанаш х1иттий аш?<br>-Бераш, хьан эр дара аш, мичахь 1аш ду-те дешнаш?<br>-Дош мичара схьадаьлла йа и муха йаздан деза муха хуур ду вайна?<br>-Нийса боху, дошам т1ехь карор ду вайна жоьпаш.<br>-Ткъа шуна муьлха дошамаш йевза? | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (къамел) | Регулятивни (ша-шен мах хадор, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар).<br><br>Личностни (дешар Iаморна мотиваци кхоллар).<br><br>Познавательни (хьайн хаарийн системехь лела хаар).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тIеэцар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |
| **Коьрта дакъа**<br><br>Iалашо: берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 25 мин | Дешархой тобашка боькъу. Х1ора тобанна Гайсултанов 1. «Дашо б1араш» туьйранан кийсак ло. Дешархоша, туьйра деша а дешна, шайна цадевзачу дешнашна к1ел сиз хьокху. Цул т1аьхьа х1ора тобане дошам х1оттайойту.<br> (Дешархойн тидам т1ебохуьйту дошамехь дешнаш абатан рог1аллехь).<br><br>Дешархоша хIора дашна статья кечйо кху кепара:<br>Дош<br>Дошам тIера дешан маьIна.<br>Текст тIера предложенехь долу дешан | I.Дешархоша хьехархочуьнга ладугIу, хаттаршна жоьпаш даларца диалог дIахьо. | Барта (кхетор, йешар), гайтаман (суьрташ), практически (текстаца болх бар). | Коммуникативни (диалогехь дакъалацар; кхечаьрга ладогIар а, царах кхетар а, хиламех а, гIуллакхех а болу шен хьежам бовзийтар).<br><br>Познавательни (тайп-тайпана хIуманаш, хиламаш, бакъдерш вовшашца  дуста а, церан анализ йан а, шайн-шайн тобанашка |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | масал.<br>Дешан маьIна гойтуш долу сурт дуьллу (шайн лаамехь) Масала:<br>Йасакх - нахера йоккхуш йолу йал (дань).<br>ТIехь йоцу йасакх йоккхуш, нуьцкъалла белхаш бойтуш, йуьртара бахархой хьийзош хилла цо. | | | дерзо а, хьайн хаарийн системехь лела а хаар).<br><br>Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а). |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>Iалашо: нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамIаш дан а хаарш карадерзор | 10 мин | Дешархоша шайн дошамаш йовзуьйту.<br>Балха тIехь нисйелла халонаш йийцаре йо.<br>Уггар дика дошамаш къастайо. | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш а луш, шайна дошамех лаьцна дуьйцу . | Барта (къамел) | Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тIеэцар). |
| **Рефлекси**<br><br>Iалашо: шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | I мин | -Керланиг х1ун хии шуна урокехь?<br>-Уггар хала хIун дара?<br>-Уггаре а самукъане дерг хIун дара?<br><br>Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.<br>Iодика йойла шун! Марша Iойла шу! | | Барта (кхетор). | Регулятивни (шен гIуллакхан мах хадор).<br><br>Познавательни (Iамийнарг системе хIоттор, тIечIагIдар, жамIаш дар).<br><br>Коммуникативни |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | (барта шайн ойланаш йовзийтар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |

Йуххедиллар 1.

**Гайсултанов Іумар «Дашо бІараш»**

Къена эла хилла цхьана йуьртахь вехаш. ЧІогІа бале ваьлла хилла иза массарна а. ТІехь йоцу йасакх йоккхуш, нуьцкъалла белхаш бойтуш, йуьртара бахархой хьийзош хилла цо. Ша йемалвен хабар дуьйцуш цхьаъ нисвелча, шодмаш а йоьттуьйтий, вуьйш хилла. Иштта вийна цо Седа цІе йолчу жимачу йоьІан да а. ТІаккха, омра а дина, шен шина йалхочуьнга дІакхоссийтина Седа а, хьуьнха а йигийтина. Хьуьнна йуккъехула йоьлхуш йогІучу Седина шега кхойкхуш хезна:

– ХІей йоІ! ХІей йоІ! Хьо хІунда йоьлху?

ДІахьаьжна Седа – цхьа а ца гина. Диттаца хьалахьаьжча, тарсалх бІаьрг кхетта.

– Хьо йу соьга кхойкхург? – хьаьттина Седас.

– Йу-те.

ДІабийцина йоІа шегара бала.

– Хьуо реза йелахь, соьца Іе. Хари чохь бен а бу сан, даа шортта бІараш а ду. Хаза дехар ду вайшиъ. Седа резахилла. Цхьана дийнахь декъа дечиг лахьо веъна йуьртара цхьа миска стаг. Цхьа мор дечиг лахьийна, муьшца дІа а дихкина, хьалаайба воьлла, ницкъ ца кхаьчна, висина. ТІаккха, циггахь охьа а хиъна, вилхина иза. Тарсало аьлла:

– Ма гІора хир дара цуьнан, цо дашо цхьа бІара диъча.

– Хьан дуй бІараш? – хьаьттина Седас. – Лохьа!

БІара делла Тарсала мискачу стагана.

– ЭхI, баркалла шуна, – аьлла мискачу стага, – хIара бIара ас элана лур ду, кхунна дуьхьал цо суна сахь ахьар лур ду, – тховса ас сайн доьзал а бузор бу.

– Ма делахь иза. БIара хьуна делла ду, ахь айхьа даа деза иза. Дохковер вац хьо.

Тарсало бохучуьнга ла а доьгIна, доха а дина, диъна мискачу стага бIара. Оцу сохьта шен дегIехь Iаламат боккха ницкъ хаабелла цунна. ЧIешалгал башха ца хеташ, хьалаайбина цо дечиган мор.

– ХIара цIа бахьар-м хIинца хIумма а доцург ду! – Цундела вай хьуна шортта дечиг гулдийр ду, – аьлла кхуьнан накъосташа.

Кхааммо а катоьххана дечиг гулдина. Дика йоьттина ворда санна, шортта дечиг ги а доьттина, цIа вахана миска стаг. Оццу дийнахь дIахезна элана мискачу стагаца хьуьнхахь хилла и Iаламат. Шен ши йалхо хьажийна цо хьуьнха, Седий, Тарсаллий, лахий, схьадаладе аьлла. Хьун толлуш лелла, кIад а велла, охьахиъна ши йалхо. Геннара схьахезна цу шинна Седас лоьккху йиш. ТIаьхь-тIаьхьа схьа гергайогIуш хилла иза. Ши йалхо дIалечкъина. Кхушинна уллерчу дитта тIе кхаьчча, сецна Седий, Тарсаллий. Гаьннашца дIахьулйина хьех схьа а йиллина, цу чу даьлла и шиъ. Вовшех дага а ваьлла, буьйса йоллалц лечкъина Iийна ши йалхо, тIаккха орамца буха а даькхина, йуьрта дIадаьхьна цу шиммо дитт, чохь дижина Седий, Тарсаллий долуш. Элан кертахь дIадоьгIна дитт. Iуьйранна диттана гонаха хьаьвзина воккхавен эла. Омра дина цо йалхошка:

– Схьадаккха хари чуьра и ши шайтIа!

Омра кхочушдина йалхоша – схьадаькхина Седий, Тарсаллий. Ша дагалаьцнарг кхочушхилийта, кIеда-мерза хила гIерташ, эло аьлла:

– Аш суна дашо бIараш лахь, ас шуьшиъ маьрша дIадохуьйтур ду.

– Ма лолахь! Ма лолахь! – сихйелла Седа.

– Ца лахь, шиннан а кортош дохур ду! – кхерам тесна эло.

Схьадаькхина Тарсало багара цхьа бIара. Катоьхна схьаэцна эло иза. Сихха каг а дина, диъна цо. Оцу соьхта, гомашан санна, йаккхий маIаш йевлла цунна.

– ДIайаха хIорш! – кхеравелла, мохь хьаькхна эло.

– Хьуна хьакъ йолуш кхин хIума йац кху дуьненахь! – аьлла Тарсало. – Ца оьшу суна! Ца оьшу суна! ДIайаха! – мохь хьоькхуш хилла эло, маьIех ка а йетташ. ТIаккха кхин бIара делла цунна Тарсало. Сихвелла, чкъоьргаш а тIехь дIакхаьллина эло иза а. Оцу сохьта жима дахка хилла цунах. Учара схьахьаьдддачу цициго, тIеккхетта, дIакхаьллина иза. Йалхой, кхерабелла, бевдда байна. Оццу хенахь веъна керта иккхина тохара Тарсало бIара делла миска стаг.

– Мичахь ву и къиза эла? Ас хьийзадойтур дац шу, – аьлла, тохавелла иза.

Цицигна тIе пIелг хьажийна Седас.

– Оцо дIакхаьлли. Вац эла.

– Цкъа а ма хуьлда иза!

Цул тIаьхьа вовшахкхъаьстина уьш. Седас дехарх, ца Iийна Тарсал йуьртахь, ша хьун йезаш хиларна, цига дIайахана иза. Ткъа Седа йуьртахь сецна, мискачу стага, шен йоI йина, дIайигина иза. Амма барт-м бина Седассий, Тарсалой, гIо эшна меттиг хилахь, вовшашна орцахйала.

## 4-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 3-чу занятин конспект

**Тема:** Проект «Таблица х1оттор вай».

**Iалашо:** Iилманан текстащца болх баран говзалла карайерзор, коьрта хаамаш билгалбаха а, уьш таблицин кепехь гайта а хаар.

**Iалашонаш:**

- **Дешаран:** 1илманан текстащца болх баран говзалла карайерзор, коьрта хаамаш билгалбаха а, уьш таблицин кепехь гайта а хаар.

- **Кхиаран:** йукъадиллинчу масалца догIуш, йешначу говзархь барта а, йозанан доцца хетарг кечдан хаар.
- **Кхетош-кхиоран:** адамийн йукъаметтигийн зеделларг довзар, къинхетам, безам, догдикалла гайтар карадерзор.

**ГIирс:** Iилманан-популярни текст.
Тетрадь, ручка, къолам, линейка.
Компьютер проекторца (дика хир ду), таблицийн масалш гайта.
Таблицин шаблонаш (хьалхxе кечйан мегар ду).

| **Классал арахьара дешаран этапаш** | **Хан** | **Хьехархочун болх** | **Дешархойн гIуллакхаш** | **Хьехаран кепаш а, приёмаш а** | **УУД-н кепаш** |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>Iалашо: хIораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тIебогIучу балхана кечбар | I мин | **Маршалла хаттар.**<br>Маршалла ду шуьга, хьоме бераш!<br>Массо а балхана кийча вуй? Ручканаш а, къоламаш а, кехаташ а дуй массаьргахь? | Хьехархочуьнг а маршалла хаттар | Барта аларан метод:<br>салам – маршалла хаттар.<br>Дог-ойла гIатторца тема йовзийтар, къамел дар. | Коммуникативни (Iаморан тIедилларе ладогIар а, цунах кхетар а).<br><br>Регулятивни (шаьш шайн белхан меттиг вовшахтохар) . |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар.**<br>Iалашо: дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 3 мин | Хаарш жигардахар.<br>- Бераш, хьан эр дара таблица хIун йу? Мичахь гина шуна таблицаш? Учебникаш тIехь, расписани т1ехь?<br>- Ткъа таблицаш стенна оьшу? ХIунда кхоьллина уьш?<br><br>- Таблицаша гIо до вайна информаци вовшахтоха, коьртаниг ган, тайп-тайпана хIуманаш йуста. Вай тахана Iамор ду Iилманан текстан буха тIехь таблицаш хIитто. Цу гIуллакхо гIо | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (къамел) | Регулятивни (ша-шен мах хадор, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар).<br>Личностни (дешар Iаморна мотиваци кхоллар).<br>Познавательни (хьайн хаарийн системехь лела хаар).<br>Коммуникативни (лерсица |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | дийр ду вайна информацих дика кхета а, и дагахь латто а. | | | хаам тIеэцар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |
| **Коьрта дакъа**<br>Iалашо: берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 25 мин | Дешархошна текст д1ало. Цкъа хьехархочо ша йоьшу, цул т1аьхьа дешархошка йоьшуьйту.<br><br>- Стенах лаьцна йу хIара текст? ХIун керла хаамаш бевзира шуна?<br><br>- ХIинца йуха а йоьшур йу вай текст, амма тIедиллар а долуш. Вай текстехь таблице чудаха йиш йолу Iилманан бакъдерш лаха деза. Iилманан бакъдерш бохург хIун ду? Уьш нийса хаамаш бу, тIечIагIбан йиш йолуш: барам, йозалла, леларан башхаллаш, экхано йууш йерг, и.дI.кх.а.<br><br>- ХIинца вай къасто деза, муьлхачу тайпана таблица йийр йу вай. Муьлха бIогIамаш хила беза вайн таблицехь? ХIун хаа лаьа вайна бирдолагех лаьцна? (Дешархойн жоьпашка ладоьгIу). Масала, барам, 1ен меттиг, даар, и д1.кх. а. (Дешархошна таблицин бIогIамаш билгалбаха гIо до).<br><br>- ХIинца шу<br>тобанашка декъалур ду. ХIора тобанна кехат лур ду, лаахь таблицан шаблон а лур йу. Шун декхар ду текст тIера билгалбаьхначу Iилманан хаамашца таблица йуза. Цхьаьна болх бе, вовшашна гIо де. (Тобанаша бечу балхана тIехь терго латтайо, гIо-накъосталла до, хаттаршна жоьпаш | ЛадугIу, хьехар-хочун тIедахкарш кхочушдо. | Барта (кхетор, йешар), гайтаман (таблицин суьрташ), практически (текстаца болх бар). | Коммуникативни (диалогехь дакъалацар; кхечаьрга ладогIар а, царах кхетар а, хиламех а, гIуллакхех а болу шен хьежам бовзийтар).<br><br>Познавательни (тайп-тайпана хIуманаш, хиламаш, бакъдерш вовшашца дуста а, церан анализ йан а, шайн-шайн тобанашка дерзо а, хьайн хаарийн системехь лела а хаар).<br><br>Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | ло).<br>Дагахь латтаде: таблицехь болу хаамаш нийса а, маьІне а хила беза. Цкъа хьалха дийцаре де, хІора бІогІамехь хІун йаздийр ду". | | | |
| **ЖамІаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br>Іалашо: нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамІаш дан а хаарш карадерзор | 10 мин | ХІора тобано шайн таблица йовзуьйту. Дуьйцу, муьлха бІогІамаш хаьржина, царна чу муьлха хаамаш йазбина.<br><br>- Баркалла шуна, бераш! ЧІогІа дика болх бина! Керланиг х1ун хиира шуна цу тІехь болх бечу хенахь? | Дешархоша шаьш бина болх бовзуьйту. | Барта (къамел) | Регулятивни (хиллачу хааршна тІе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тІедилларш кхочушдар вовшахтоха а).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тІеэцар). |
| **Рефлекси**<br>Іалашо: шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | I мин | - Бераш, керланиг хІун девзи шуна тахана урокехь? Таблицаш йеш хазахийтира шуна?<br>- Урокехь гулдина хаарш шуна мичахь пайде хир ду? | | Барта (кхетор). | Регулятивни (шен гІуллакхан мах хадор).<br><br>Познавательни (Іамийнарг системе хІоттор, тІечІагІдар, жамІаш дар).<br><br>Коммуникативни (барта шайн ойланаш йовзийтар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |

Йуххедиллар 1.

Бирдолагаш (Летучие мыши)

Бирдолагаш, дийцина ца валлал, дукха тайпанашка декъаделла ду боху зоологин талламхоша. Шайн – шайн куц-кепаца, 1ер-дахарца, басца, доккха-жима хиларца къаьсташ ду а боху. Церан пелагийн т1емийн меттана пардо т1емаш ду белшаш т1ера ц1оганан йуьхьиг т1е кхаччалц.

Вайн махкахь билгалдевлларш кхаа тайпана ду: хьаьрса бирдолаг (рыжая вечерница), минц1-бирдолаг (малая вечерница), лергч1апалг (ушан). Минц1-бирдолаг нана-п1елггал делахь, кхин доккха дац. Цундела тиллина цунна и ц1е, минц1-бирдолаг аьлла.

Бирдолагаш сагалматаш, стоьмаш, дургал дуу. Цхьадолчу дийнатийн, дег1а т1ехь цургаца 1уьрг доккхий, ц1ий а молу (цара и молуш дийнаташна башха хаа а ца ло). Церан б1аьрса ледара ду,  цундела, шайна хьалхарниг кор ду дац а ца хууш, корах кхеташ меттиг нисло. Чохь серло йоцуш кор диллина хилча, ц1а чу а долу. И хааделла схьалаьцча, сиха корах араккхосса деза. Ца кхуссуш хьелахь, кхералой, дог оьккхий ле и. Суна зеделларг дуьйцур ду ас. Т1ома лелачу хенахь цо багара аз дуьйлуьйту. Озано хоуьйту хьалха дуьхьало хилар, т1аккха бирдолаг, цунна петухий, т1ехдолу.

Гелагаев С-М.

Таблицин кеп:

**Ц1е:** Бирдолагаш.

| Бирдолагийн тайпанаш | Куц-кеп | Даар | Тамашийна бакъдерг (факт) |
|---|---|---|---|
| Хьаьрса бирдолаг<br>минц1-бирдолаг<br>лергч1апалг | Церан пелагийн т1емийн меттана пардо т1емаш ду белшаш т1ера ц1оганан йуьхьиг т1е кхаччалц | Сагалматаш, стоьмаш, дургал, ц1ий | Б1аьрса ледара ду.<br>Кхераделча, дог оьккхий ле. |

**4-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 4-чу занятин конспект**

**Тема:** Проект «Таблица х1оттор вай».

**Iалашо:** Iилманан текстащца болх баран говзалла карайерзор, коьрта хаамаш билгалбаха а, уьш таблицин кепехь гайта а хаар ч1аг1дар.

**Iалашонаш:**

- **Дешаран:** 1илманан teкстaшца болх баран говзалла карайерзор, коьрта хаамаш билгалбаха а, уьш таблицин кепехь гайта а хаар.
- **Кхиаран:** йукъадиллинчу масалца догIуш, йешначу говзарх барта а, йозанан доцца хетарг кечдан хаар.
- **Кхетош-кхиоран:** адамийн йукъаметтигийн зеделларг довзар, къинхетам, безам, догдикалла гайтар карадерзор.

**ГIирс:** Iилманан-популярни текст.
Тетрадь, ручка, къолам, линейка.
Компьютер проекторца (дика хир ду), таблицийн масалш гайта.
Таблицин шаблонаш (хьалхxе кечйан мегар ду).

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>Iалашо: хIораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тIебогIучу балхана кечбар | 1 мин | **Маршалла хаттар.**<br><br>-Маршалла ду шуьга, хьоме бераш!<br><br>-Массо а балхана кийча вуй? Ручканаш а, къоламаш а, кехаташ а дуй массаьргахь? | Хьехархочуьнг а маршалла хаттар | Барта аларан метод.<br><br>Дог-ойла гIатторца тема йовзийтар, къамел дар. | Коммуникативни (Iаморан тIедилларе ладогIар а, цунах кхетар а).<br><br>Регулятивни (шаьш шайн белхан меттиг вовшахтохар) . |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар.**<br><br>Iалашо: дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 3 мин | Хаарш жигардахар.<br><br>- Бераш, хьан эр дара таблица хIун йу?<br><br>- Ткъа таблицаш стенна оьшу?<br><br>"Бакъдерг лаха" ловзар (Хьехархочо дIадоьшу масех дIахьедар, цхьадерш Iилманан бакъдерш а, вуьйш бакъдоцурш. Дешархойн 1алашо - бакъдерг | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (къамел) | Регулятивни (ша-шен мах хадор, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар).<br><br>Личностни (дешар Iаморна мотиваци кхоллар).<br><br>Познавательни (хьайн хаарийн системехь лела хаар).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тIеэцар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | лаха).<br><br>-Малх лаьттана гонаха хьийза. (-)<br><br>- Хи 0 градусехь г1орадо (+)<br><br>-Мархаш бамбех йина йу (-)<br><br>-Малх седа бу (+)<br><br>-Адаман кхо дог хуьлу (-) | | | |
| **Коьрта дакъа**<br><br>Іалашо: берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 25 мин | Тобанашкахь болх бар. ХІора тобанна текст а, таблицан шаблон а ло.<br><br>ТІедиллар: текст йеша, Іилманан хаамаш билгалбаха, таблица йуза. Хьехархо: "Бераш, хІинца аш тобанашца болх бийр бу. ХІора тобанехь текст а, таблицин шаблон а йу. Шун декхар ду текст дика йеша, тобанехь йийцаре дан, Іилманан хаамашца таблица йуза. Тобанехь болх баран бакъонаш дагахь латтайе: вовшашка ладогІа, вовшашна гІо де." | ЛадугІу, хьехар-хочун тІедахкарш кхочушдо. | Барта (кхетор, йешар), гайтаман (таблицин суьрташ), практически (текстаца болх бар). | Коммуникативни (диалогехь дакъалацар; кхечаьрга ладогІар а, царах кхетар а, хиламех а, гІуллакхех а болу шен хьежам бовзийтар).<br><br>Познавательни (тайп-тайпана хІуманаш, хиламаш, бакъдерш вовшашца дуста а, церан анализ йан а, шайн-шайн тобанашка дерзо а, хьайн хаарийн системехь лела а хаар).<br><br>Регулятивни (хиллачу хааршна тІе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тІедилларш кхочушдар вовшахтоха а). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |
| **ЖамІаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>Іалашо: нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамІаш дан а хаарш карадерзор | 10 мин | ХІора тобано шайн таблица йовзуьйту. Дуьйцу, муьлха бІогІамаш хаьржина, царна чу муьлха хаамаш йазбина.<br><br>- Баркалла шуна, бераш! ЧІогІа дика болх бина! Керланиг х1ун хиира шуна цу тІехь болх бечу хенахь? | Дешархоша шаьш бина болх бовзуьйту. | Барта (къамел) | Регулятивни (хиллачу хааршна тІе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тІедилларш кхочушдар вовшахтоха а).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тІеэцар). |
| **Рефлекси**<br><br>Іалашо: шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | 1мин | - Бераш, керланиг хІун девзи шуна тахана урокехь? Таблицаш йеш хазахийтира шуна?<br><br>- Урокехь гулдина хаарш шуна мичахь пайде хир ду? | | Барта (кхетор). | Регулятивни (шен гІуллакхан мах хадор).<br><br>Познавательни (Іамийнарг системе хІоттор, тІечІагІдар, жамІаш дар).<br><br>Коммуникативни (барта шайн ойланаш йовзийтар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |

Йуххедиллар 1

**Маймалш**

Маймалийн тайпанаш дукха ду дуьненахь. И тайпанаш тобанашка декъалуш, масала, макака, орангутан, горилла, гиббон, вари, и д1.кх. а. Церан массеран ц1ераш йаьхна вер вац.

Маймалийн дуккхах йолу ц1ераш дуьненахь йукъара ц1ераш хилла лелаш йу. Нохчаша шайн ц1ерашца билгалдаьккхинарг 4 ду: вамп1-маймал йа наьрт-маймал (горилла), терс-маймал (шимпанзе), гиббон, хьаьрса маймал (орангутан).

Вамп1-маймал (горилла)

Вамп1-маймалш, жоьжахатин ц1армат (исчадие ада) ду бохуш, дукха дойуш хилла. Къинхатаме нах орцах а бевлла, уьш дайар сацорна, доь данза дисина церан.

Уьш тобнашца лела. Х1ора тобанехь шегахь зеделларг а, ницкъ-г1ора алсам дерг тхьамдалла лелош хуьлу. Цунна муьт1ахь а долуш, тобанна йуккъехь цхьаъ йа шиъ боьрша маймал а хуьлу. Стечеран цхьацца, наггахь шишша к1орнеш хуьлу. Уьш доьзалийн тобанашца лела 14 шо кхаччалц. Цул т1аьхьа, шайн тобанаш а кхуллуш, д1акъаьста, цу хенахь церан маьхьаран хан йолало. Кхучу маймалел дег1ана доккха а, ницкъ болуш а ду вамп1-маймал. Терзанан барам 300 кийлане кхоччуш хуьлу. Дег1ан локхалла ши метар гергга хуьлу.

Хьаьрса маймал (орангутан)

Хьаьрса маймалх дуьххьара орангутан аьлла Малайн пачхьалкхан бахархоша. Иза церан маттахь хьуьнан адам бохург ду. Х1етахь дуьйна цунах кхечу къаьмнаша орангутан а, хьуьнан адам а олу. Ткъа нохчаша хьарса маймал олу.

Хьуьнан маймалш пхи эзар бен ца дисна боху, уьш дайар бахьанехь а, хьаннаш д1айохуш хиларна а. Йуха уьш дебийта шайга далург дан г1ерташ нах бу, уьш доцчу кхечу хьаннашка а хоьцуш. Вуно атта лела, мел лекха хиларх, диттан г1ода т1ехула хьала а, охьа а шайн дозалла 80-100 кийла йелахь а, амма ган т1ера гаьн т1е кхийсадалар церан дац. Шайна дийша говза, к1еда меттиг кечйо х1ораммо сарахь буьйса йаккха. Наб диттан га схьалоций йо, ша ца хууш а охьа ца дожийта. Дийнахь сарралц йуург лоьху цара дитташ т1ехь, тайп-тайпана стоьмаш буу, олхазарийн х1оаш а, к1орнеш а, г1аш а дуу. Уьш тобанаш кхуллуш ца деха. Цхьацца а деха, стениггий, боьршанаггий цхьаьана а кхетий, доьзал а кхуллу. Дуьненахь адамаша лоруш а, царна дезаш а ду маймалш.

Таблицин кеп:

Дустаран таблица: вамп1-маймал, хьаьрса маймал

| Характеристика | Вамп1-маймал | Хьаьрса-маймал |
|---|---|---|
| Куц-кеп | | |
| Терзанан барам | | |
| Даар | | |
| Дахаран кеп<br>(тобанашца йа цхьацца) | | |